



Pou Piblikasyon Imedya: 23/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EFÒ ANT AJANS YO POU EDE PWOTEJE  
NOUYÒKÈ YO KONT RISK CHALÈ EKSTRÈM YO**

***Avanse Enstriksyon Gouvènè a sou Sitiyasyon Eta a pou devlope plan daksyon  
nan tout eta a kont chalè ekstrèm lan***

***Inisyativ ajans lan bay pwoteksyon kominote ki defavorize yo priyorite kont efè  
tanperati k ap ogmante yo***

***Revize rapò konplè rekòmandasyon pwovizwa yo [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a mezi ajans ak otorite Eta yo ap avanse pou ede abòde enpak chalè ekstrèm pou kominote ki defavorize ak lòt Nouyòkè ki vilnerab yo fas ak efè wo tanperati k ap ogmante a ke chanjman klimatik la lakoz. Mezi ki soti nan enstriksyon Gouvènè a sou Sitiyasyon Eta a an 2022 pou devlope yon plan daksyon kont chalè ekstrèm nan pou kowòdone investisman ak efò ant ajans yo pou ede diminye risk enpak klima a sou kominote a epi bay priyorite ak asistans pou kominote ki defavorize ki sou ban devan vilnerabilite ak chalè a. Rekòmandasyon pwovizwa ki te pibliye jodi a reprezante premye faz yon Plan Daksyon konplè kont Chalè Ekstrèm k ap idantifye mezi Eta a dirije ki abòde faktè estriktirèl chalè ekstrèm lan ak enpak ki pa pwopòsyone li sou kominote New York ki pi vilnerab yo.

"Chalè ekstrèm lan menase lavi ak betay anpil Nouyòkè yo chak ane, men patikilyèman sila yo ki nan kominote ki defavorize ak kominote moun koulè yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gwo siklòn ak chalè ekstrèm yo ap ogmante ak chanjman klimatik la, epi li enpòtan ke New York devlope plan ki kowòdone epi efikas pou abòde ekspozisyon nan chalè a. Rekòmandasyon ki anonse jodi a ede apiye aksyon ki deja ankou yo pou pwoteje rezidan ki pi vilnerab epi ki pa pwopòsyonèl yo sezon ete sa, epi pou ane k ap vini."

Nan kòmansman ane sa, Gouvènè Hochul te mande Depatman Pwoteksyon Anviwònmantral la (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York lan (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) pou devlope yon Plan Daksyon kont Chalè Ekstrèm nan repons ak frekans ak entansite evènman chalè ekstrèm yo ke chanjman klimatik la lakoz. DEC ak NYSERDA te konvoke Gwoup Travay pou Aksyon kont Chalè

Ekstrèm (Extreme Heat Action Plan Work Group, EHAPWG), ki konpoze ak plis pase 20 jans Eta k ap travay ansanm sou mezi imedyat atravè tout gouvènman Eta a k ap kòmanse abòde inegalite chalè ekstrèm yo nan kominote ki defavorize yo.

Rekòmandasyon ki pibliye jodi a enkli aksyon pou mizanplas rapid pou abòde bezwen egi yo pandan gwoup la ap travay pou kontinye devlope efò ki kowòdone alontèm yo ki konsantre sou diminisyon risk chalè ekstrèm ak inegalite sosyetal sistemik ki agrave efè yo. Rekòmandasyon yo te resevwa opiyon pati kle ki konsène yo, ki enkli reprezantan [kominote ki defavorize](#) yo ak gwoup popilasyon ki vilnerab ak chalè yo. Plan an konsantre espesyalman sou kominote ki afekte nan fason ki pa pwopòsyonèl pa polisyon anviwònman ak chanjman klimatik la epi idantifye eka nan apwoch ki egziste Eta a pou diminye risk enpak chalè ekstrèm nan domèn travay, lwazi, ak kominote ki defavorize yo.

**Komisè Depatman pou Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare,** "Youn nan rezilta chanjman klimatik ki pi danjere se ogmantasyon tanperati ki menase sante ak byennèt kominote nou yo. DEC a ap kontinye reponn ak apèl Gouvènè a pou deplwaye estrateji nan kominote ki defavorize ki pi arisk pou maladi ki lye ak chalè yo. Mezi sa yo, lè yo konbite ak efò prensipal nou yo pou diminye risk anpil enpak chanjman klimatik la, ap ede sove lavi epi fè ekite ak jistis klimatik la avanse atravè eta a."

**Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare,** "Aksè ki dirab epi ki abòdab nan opsyon andedan ak deyò yo alafwa se yon bezwen ki presan pou anpil Nouyòkè ki vilnerab, espesyalman ak tanperati ki cho eksesisman ke n ap obsève atravè eta a kounye a. Efò kolaborasyon ant ajans lan se yon etap enpòtan pou soulaje chaj enèji ak sante ke vag chalè sa yo lakoz epi rekòmandasyon yo avanse jodi a se sèlman kòmansman yon plan daksyon konplè final k ap livre rezistans ak pwoteksyon pwopaje kont move tan ekstrèm ki rive souvan nan kad chanjman klimatik la."

Rekòmandasyon pwovizwa yo genyen ladan yo mezi pou prepare kominote yo pou yon ijans chalè epi abòde enpak ki lye ak chalè ekstrèm ak bezwen yo sezon ete sa. Rekòmandasyon yo idantifye sis domèn opòtinite pou aksyon: planifikasyon, kowòdinasyon, espas rafrechisman piblik, sistèm ak pwotokòl avètisman chalè pou sante, patenarya kominotè, ak lojman ak rafrechisman. Mezi imedyat ki te mete anplas epi planifye pandan devlopman EHAP yo genyen ladan yo:

- Ogmantasyon disponiblite sant rafrechisman akabri lè yo idantifye patnè potanshyèl pou bay etablisman yo kòm sant rafrechisman, fè pwomosyon itilizasyon yo, epi ogmante aksè nan Pak Eta yo, zòn pou benyen yo, espas lwazi, ak lòt etablisman Eta yo ki bay soulajman kont chalè ekstrèm lan;
- Devlope pwovizyon sèvis piblik inifòm pou sezon cho pou amelyore kominikasyon ki amelyore pou konsomatè yo epi fè prevansyon dekoneksyon pandan sezon cho yo;

- Amelyore aksè nan pwogram efikasite enèji ak entanperizasyon ki egziste yo epi devlope Pwogram Asistans nan Enèji pou Kay (Home Energy Assistance Program, HEAP) ki disponib yo pou Nouyòkè ki gen revni ki fèb ak revni mwayen ki kalifye pou pwojè pou chofe epi rafrech kay yo;
- Eksplòre kapasite alontèm Eta a pou diminye risk enpak chaj depans enèji ki asosye ak rafrechisman ak elektrifikasyon pou bay plis konsiderasyon pou enplikasyon sante chaj enèji a sou fanmi ki gen revni ki fèb ak revni mwayen yo;
- Devlope yon Plan Adaptasyon ak Chalè Ekstrèm ak yon konsantrasyon sou kominote ki defavorize yo epi ogmante kapasite òganizasyon jistis anviwònman ak lòt gwoup kominotè yo pou kolabore, epi jwenn solisyon lokal pou bay sèvis k ap ede diminye enpak chalè ekstrèm lan;
- Amelyore sistèm alèt pou chalè ak/oswa imidite ekstrèm lan epi asire ke itilizasyon langaj ki klè, konsistan epi egzak;
- Konvoke yon ekip kowòdinasyon ijans kont chalè epi devlope yon anèks risk ki presi pa rapò ak chalè ekstrèm lan pou plan jesyon ijans konplè Eta a vè 1ye jwen 2023; epi
- Bay yon evalyasyon konplè sou resous ak kapasite ki egziste yo pou ede asire mizanplas ki efikas sou aksyon akoutèm ak alontèm ki rekòmande yo.

Ak chalè ekstrèm semèn sa, ajans Eta New York yo pare pou ede Nouyòkè yo rete an sekirite. Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la ap kontwole kondisyon klimatik yo epi kowòdone repons yo. Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service) Eta New York la ap travay ak sèvis piblik yo pou asire yo prepare pou endis chalè k ap monte nan 100 yo. DEC ak DOH pral bay plizyè avi sou kalite lè a pandan metewolojis DEC yo prevwa ke nivo polisyon yo swa ozòn oswa ti patikil piti yo, ta dwe depase yon Endis Kalite Lè (Air Quality Index, AQI) ki se yon valè 100. Ou ka jwenn enfòmasyon sou previzyon kalite lè a pou Eta New York [isit la](#). Pou plis enfòmasyon sou enpak chalè ekstrèm lan, ale nan <https://www.dec.ny.gov/energy/125801.html>.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418